

Mizajou sou enfòmasyon pou kondisyon grasyon jen 2020 pou fanmi

Sonje, yo anile egzamen Regents mwen jen ak out 2020 yo. Si pitit ou a te planifye pou pran yon egzamen Regents an jen 2020 li ka renonse ak yonn oswa plizyè egzamen Regents pou l gradye. Ekzasyon pou yon egzamen vle di elèv ou a pa bezwen pase egzamen sa a pou gradye. Li toujou dwe pase kou a. Si w deside aksepte tout renonsyasyon pou egzamen Regents yo, pitit ou a pral gradye depi li fin gen tout kredi pou kou yo.

Ou ka deside pou pitit ou a anile kèk oswa tout egzamen Regents li yo si w prefere pitit ou a rete nan Lekòl segondè an 2020-21. Si w chwazi pou li pa pran elzasyon pou pran yon egzamen Regents, yo pral atann pou elèv ou a travay pou pase egzamen an lè y ap bay li an 2020-21. Pitit ou a pap ka chanje desizyon an, epi li pa pral elijib pou renonse renonsyasyon pou pran egzamen Regents ankò akòz COVID-19. Si pitit ou a pa pase tout egzamen Regents obligatwa yo oswa si li pa satisfè kondisyon sekirite yo nan ane lekòl kote l ap gen laj 21 ane, li pap gradye avèk yon diplòm.

Se yon desizyon enpòtan k ap gen enpak sou pwochen etap elèv ou apre lekòl segondè. Gen manm estaf nan lekòl pitit ou a ki disponib pou diskite opsyon sa yo avèk ou pou ede w pran pi bon desizyon an pou pitit ou a.

Si pitit ou a elijib pou l gradye akòz renonsyasyon egzamen Regents w ap resevwa yon imèl oswa yon sondaj. Depi w fin resevwa l, ou dwe reponn, pou fè lekòl la konnen ki opsyon ou chwazi pou pitit ou a. Elèv ki gen IEP ki te planifye pou tounen lekòl pou yon 5yèm oswa 6yèm ane pa ka gradye sofsi w reponn imèl la pou bay desizyon w. Imèl la ofri chwa sa yo:

- **Opsyon 1 – Aksepte tout renonsyasyon yo:** Mwen aksepte tout renonsyasyon pou pran egzamen Regents pou pitit mwen. Mwen konprann pitit mwen pral gradye lè li gen tout kredi klas li. Pou fè nou konnen chwa a, reponn imèl sa a epi ekri "Mwen aksepte tout renonsyasyon yo".
- **Opsyon 2 – Refize tout renonsyasyon yo:** Mwen pa vle renonse ak okenn egzamen Regents oswa kondisyon CDOS pou pitit mwen an. Pou fè nou konnen chwa a, reponn imèl sa alekri " Mwen refize tout renonsyasyon".
 - Mwen konprann elèv mwen an pa pral gradye ane sa a si mwen chwazi opsyon sa a.
 - Mwen konprann pitit mwen an ap rete elijib pou resevwa yon edikasyon leta gratis jis nan fen ane lekòl k ap fè li 21 ane oswa jiskaske li resevwa yon diplòm lekòl segondè, kèlkeswa sa ki rive avan an.
 - Mwen konprann pou pitit mwen an resevwa yon diplòm alavni, li p ap elijib ankò pou renonse egzamen epi li dwe satisfè tout kondisyon ki konsène gradyasyon. Sa vle di pitit mwen an ap gen pou kontinye prepare pou egzamen Regents sa yo nan ane 2020-21.
- **Opsyon 3 – Aksepte kèk renonsyasyon :** Mwen ta renmen renonse ak kèk, men pa tout egzamen Regents yo pou pitit mwen an. Mwen disponib pou diskite ki egzamen mwen ta renmen pitit mwen an renonse. Pou fè nou konnen kisa ou chwazi, reponn imèl sa a kote w ap ekri " Mwen aksepte kèk renonsyasyon".
- **Opsyon 4 - mwen pa ka deside:** Mwen pa sèten. Mwen ta renmen rankontre avèk yon manm estaf lekòl la pou diskite desizyon sa a. Pou fè nou konnen chwa w, reponn imèl sa kote w ap ekri " Mwen pa sèten".

Tanpri asire w reponn imèl la avèk chwa w la. Si w pa reponn epi pitit ou a te planifye pou yon 5yèm oswa 6yèm ane lekòl, lekòl pitit ou a pral planifye pou li retounen lekòl pou ane lekòl 2020-2021 an, menm si li elijib pou pran yon diplòm nan moman an. Apresa renonsyasyon yo pa p valid ankò. Li enpòtan pou kontakte lekòl pitit ou a si w gen nenpòt kesyon sou desizyon sa a. Ou ka kontakte l tou nan NYCTCAC@schools.nyc.gov.